

## *Ki jan w santi w?* (Ebre 13:15)

1. Ki jan'w santi'w vrèman  
 lè w'ap fè konn Wayòm nan,  
 Lè'w konnen'w fè sa'w dwe fè  
 pou'w jwenn moun ki sensè?  
 Depi'w bay tout ou menm,  
 Bondye ap ede'w kanmenm.  
 Li konnen tout moun pa'l yo,  
 moun ki renmen lwa'l yo.

*(REFREN)*

*Sa fè'n kontan, sa fè'n rejwi.  
 Se ak tout kè'n n'ap louwe li.  
 Nou vle toujou montre'n renmen'l  
 paske nou tout se byen'l.*

2. Ki jan'w santi'w vrèman  
 lè pawòl ou atiran  
 Pou moun ki vle gen lavi  
 nan yon bèl paradi?  
 Gen moun ki pa koute,  
 genyen'k sispann pwogrese,  
 Malgre sa'n kontan pot non'l  
 pou'n fè konn enstriksyon'l.

*(Refren)*

3. Ki jan'w santi'w vrèman  
lè'w wè jan'l ede'w toutan,  
Li fidèl e'l ba'w konkou  
pou'w preche toupatou?  
Nou preche ak tout kè'n  
pou'n ede granmoun kou jèn.  
Annou montre nou zele,  
travay la pral kanpe.

*(Refren)*